



Pou Piblikasyon Imedya: 12/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**PANDAN KE ENTÈDIKSYON KE PREZIDAN TRUMP METE SOU MOUN KI  
TRANSEKSYÈL NAN SÈVIS MILITÈ YO AP RANTRE AN VIGÈ, GOUVÈNÈ CUOMO  
PASE AJANS LETA YO ENSTWIKSYON POU SIPÒTE MANM SÈVIS  
TRANSEKSYÈL KI DEPLASE YO**

"Entèdiksyon ke Prezidan Trump mete sou moun ki transeksyèl nan sèvis militè yo se yon atak sou angajman nasyon nou an pran pou asire dwa egal ego pou tout moun. Politik Prezidan an andose diskriminasyon nan fòs lame nou yo, li diminye sekirite nasyonal, epi repeye bravou ak sakrifis pa layèn.

Nan New York, nou kanpe kòt a kòt ak manm patwouy nou yo ansanm ak kominote transeksyèl la epi nou gen yon politik zewo tolerans kont entolerans. Nou te fyè pou nou pran mezi an 2015 pou deklare ke tout moun ki transeksyèl yo pwoteje anba Lwa sou Dwa Moun nan Eta a (State's Human Rights Law), epi ane sa a nou ap garanti pwoteksyon sa yo nan lwa Eta a yon fwa pou tout avèk Lwa sou Non-Diskriminasyon poutèt Ekspresyon Seksyèl la (Gender Expression Nondiscrimination Act).

Pandan ke administrasyon federal sa a ap gouvène apati entolerans ak divizyon, New York pral ale egzakteman nan direksyon opoze a. Mwen ap pase Divizyon Sèvis pou Veteran yo (Division of Veterans' Services), ansanm ak Divizyon Afè Militè ak Marin yo (Division of Military and Naval Affairs), ansanm ak Divizyon Dwa Moun nan (Division of Human Rights) enstwiksyon pou yo bay tout sèvis ak resous ki nesèsè pou manm sèvis ki transeksyèl yo ki te deplase akòz politik federal abominab lan.

Pou manm sèvis ki transeksyèl yo, fanmi ou yo, ansanm ak tout moun New York ki an inifòm yo, nou kanpe ansanm ak nou epi nou pral fè tout sa ki nan pouvwa nou pou sipòte nou. Nan New York, nou kwè nan egalite epi nou pa pral janm sispann batay pou asire dinyite ak respè pou tout moun".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)